## Ádebiyatlar


1. Анохин П.К. Узловые вопросы теории функциональной системы / П.К. Анохин. – М.: «Наука", 1980. –С. 197.
2. Блеер А.Н., Профессиональный взгляд тренера на цели, задачи и проблемы современной спортивной медицины. / А.Н. Блеер, Н.А. Чистова, Т.Н. Кузнецова, С.Е. Павлов // Теория и практика физической культуры. 2001.№ 12. - С. 28-32.
3. Верхошанский В.Ю. Горизонты научной теории и методологии спортивной тренировки / В.Ю. Верхошанский // Теория и практика физической культуры. 1998. № 7. -С. 41-54.
4. Волков Н.И. Закономерности биохимической адаптации в процессе спортивной тренировки: учебное пособие для слушателей Высшей школы тренеров ГЦОЛИФКа / Н.И. Волков. – М.: 1986. –С. 63.
5. Суслов Ф.П., Филин В.П. Действительный или мнимый кризис современной теории спорта. // «Теор. и практ. Физ. культ.». 1998. № 6. -С. 50-53.
6. Qonun hujjatlari ma'lumotlari milliy bazasi, 04.11.2020-y., 07/20/4877/1451-son; Qonunchilik ma'lumotlari milliy bazasi, 15.01.2022-y., 06/22/52/0029-son.



**REZYUME.** Maqolada sport tibbiyoti fan va amaliyotning sport talablariga javob beradigan rasmiy to'la huquqli mustaqil sohasiga aylanmaganining asosiy sabablari tahlil qilinadi va nomlanadi. Uning maqsadi, vazifalari va asosiy tarkibiy qismlari belgilangan. Malakali sportchilarni tayyorlashni tibbiy-biologik ta'minlash bo'yicha zamonaviy xizmat ko'rsatish yo'li taklif etilmoqda. Zamonaviy tibbiy-biologik va sport-pedagogik universitet ta'limining global kamchiliklari aniqlandi. Oliy sport va sport tibbiyoti ta'limi sohasidagi mavjud muammolarni hal etish yo'nalishlari ko'rsatilgan. Kasbiy sport klublarida tibbiy yordam ko'rsatishni tashkil etishning bugungi kundagi ayrim kamchiliklari qayd etilib, ularni bartaraf etish yo'llari ko'rsatilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье проанализированы и названы основные причины, из-за которых спортивная медицина так и не стала официальным полноценным самостоятельным направлением науки и практики, соответствуюшим требованиям спорта. Определены ее цели, задачи и основные составляюшие. Предложен путь создания современной службы медико-биологического обеспечения подготовки квалифицированных спортсменов. Выявлены глобальные недостатки современного медико-биологического и спортивно-педагогического ВУЗовского образования. Указаны направления решения сушествуюших в сфере высшего спортивного и спортивно-медицинского образования проблем. Отмечены отдельные недостатки сегодняшней организации медицинского обеспечения в профессиональных спортивных клубах и указаны пути их исправления.

**SUMMARY.** The article analyzes and names the main reasons why sports medicine has not become an official full-fledged independent area of science and practice that meets the requirements of sports. Its goals, objectives and main components are defined. A way of creating a modern service for medical and biological support for the training of qualified sportsmen is proposed. The global shortcomings of modern medical-biological and sports-pedagogical university education are revealed. Directions for solving existing problems in the field of higher sports and sports medical education are indicated. Certain shortcomings of the current organization of medical support in professional sports clubs are noted and ways to correct them are indicated.


## Tálim - tárbiya teoriyası hám metodikası

# BASLAWÍSH KLASSLARDA MUZÍKA PÁNIN OQÍTÍWDA OYÍN TEXNOLOGIYaLARÍNAN PAYDALANÍW


**G.J.Axetova** – *oqıtıwshı*

*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar**: o'yinli texnologiyalar, musiqa, musiqali domino, notalar, nota yuli, oktava.

**Ключевые слова**: игровые технологии, музыка, музыкальное домино, ноты, нотный стан, октава.

**Key words:** game methods, music, musical dominoes, notes, stave, octave.


Ulıwma bilim beriw mekteplerinde hár bir oqıwshınıń sabaqta aktiv qatnasın támiyinleytuǵın sabaq túrleri ayrıqsha orın tutadı. Bul máselelerdi oyın texnologiyası arqalı sheshiw múmkin. Oyın bala ómirinde úlken áhmiyetke iye bolıp, ol bala ushın úlkenlerdiń jumıs iskerligi menen birdey mániske iye boladı. Oyın tek sırtqı tárepten qaraǵanda itibarsız hám ańsat kórinedi. Biraq tiykarınan, ol oyınshıdan maksimal kúsh, aqıl, shıdamlılıq hám ózbetinshelikti alap etedi [1:73].

**Tema: «Nota jolı. Notalardıń jazılıwı hám onıń atları.»**

Muzıka sesleri nota menen jazıladı. Notalar jazılatuǵın bes sızıqqa **nota jolı** delinedi.



Nota jolınıń basına **skripka gilti** qoyıladı.



**Skripka gilti** sol gilti depte ataladı. Ol nota jolınıń ekinshi sızıǵın orap alǵanı ushın sol sızıqqa jazılǵan nota da **sol notası** dep ataladı.




Muzıkada jeti nota bolıp, olar nota jolınıń bes sızıǵına jaylasadı hám tómendegishe ataladı [2:25].




1. Reńli printerde 4 – 5 - betlerdi baspadan shıǵarıp alamız hám domino tasların tayarlap baslaymız: 4 – 5 betlerdi karton qaǵazǵa jelimlep shıǵıp, onı bir nota hám bir súwretten turatuǵın formada kesip shıǵamız. Nátiyjede 28 dana domino tası tayar boladı.

*Oqıwshılardı notalar menen tanıstıramız:* Hár bir nota tekshedegi qádem bolıp tabıladı hám olardıń hár biriniń óz atı bar. Teksheme tekshe (basqısh, záńgi) joqarı kóterilemiz: «Do-re-mi-fa-sol-lya-si–». Teksheme tekshe tómen túsemiz: «Si-lya-sol-fa-mi-re-do–».

Muzıkalıq teksheni joqarıǵa da, tómenge de sheksiz túrde dawam ettiriw múmkin, biraq qádemler izbe-izligi saqlanıp qaladı. Joqarıǵa shıqsańız *si* den keyin taǵı *do* keledi, al tómenge tusseńiz *do* dan keyin, *si* keledi.

Birinshi tekshedegi *do* dan sońǵı tekshedegi *do* ǵa deyingi ótiw aralıǵı oktava dep ataladı hám hár bir oktavanıń da óz atı bar. Biraq onıń «úlken» yamasa «kishi» dep atalıwına qaramastan, oktavada notalar sanı jetew boladı.

Zárúr bolǵan jaǵdayda ústine yamasa tómenine qosımsha kishkene sızıqlar qosıladı.

Eger biz tekshe menen salıstırıwdı dawam ettirsek, ol jaǵdayda sızıqlardıń ózleri hám olar arasındaǵı boslıqlarda tekshege esaplanadı. Eger sızıqta *do* notası turǵan bolsa, onda usı oktavadaǵı *re* usı sızıqtıń ústinde, al *mi* bolsa keyingi sızıqta turadı. Solay etip nota jolında bir notanıń jaylasıwın bilsek, basqa notalardıń jaylasıwın esaplap biliwge boladı [3:16].

***Oyın qaǵıydaları.*** Hár bir karta, ádetdegi dominodaǵı sıyaqlı, eki bólekke bólingen. Kartanıń ońında nota jolına jaylastırılǵan skripka gilti hám nota bar. Shep tárepte bir yamasa eki notatınıń atın óz ishine alǵan súwret bar. Súwretler tómendegi sózlerge sáykes keledi:

**FA**R, ÚY**RE**K, **DOMI**NO, **RE**ShETKA, BATA**R-E**YKA, **MI**KROFON, **MI**KKI MAUS, PRINCESSA JAS**MI**NA, **DO**NAL`D DAK, **DO**KTOR, **DO**LLAR,

MU**FA**SSA, **SI**MBA, TAK**SI**, **SOL**IST, BIL**LYa**RD, VENTI**LYa**TOR, **DO**MBRA, Sh**RE**K.

Oyındı baslawdan aldın, oqıwshılardan súwretlerde kórsetilgen zatlardı atawdı hám sózlerde ushırasqan notalardı sanap ótiwlerin sorań. Keyininen súwretke tuwrı keletuǵın notanı tabıń.

Keyin barlıq kartalardı bir topqa taqlań, jaqsılap aralastırıń hám oyın qatnasıwshılarınıń hár birine 4 kartanı tarqatıń. Qalǵan kartalardı súwretlerin tómen qaratıp bir topqa taqlap qoyıń.

Oyınshılar kelisimli yamasa shek taslaw boyınsha belgilengen gezek penen háreket qıladı. Eger topta kartalar bolsa, sol kartalardıń birewi ashıladı hám stoldıń ortasına qoyıladı, keri jaǵdayda birinshi oyınshı óz kartalarınan birin qoyadı. Keyingi oyınshı notaǵa súwret qosıwı kerek, onıń atı bul notanı óz ishine aladı yamasa kerisinshe, súwretke nota qosıwı kerek. Mısalı, *fa* jazıwına hesh bolmaǵanda fara yaki fatanı qoyıwıńız múmkin. Oyın dawamında dominonıń hár bir yarımına bir neshe basqa kartalar biriktiriliwi múmkin. Siz olardı qálegen baǵdarda – sızıq boylap, atanaqsha hám tekshe túrinde biriktiriwińiz múmkin, eń baslısı, nota hám sóz ortasındaǵı sáykeslik hesh jerde buzılmawı kerek. Yaǵnıy, notaǵa nota, súwretke bolsa súwret qoyıwǵa bolmaydı.

Diagrammada kórsetilgen mısalda oyınshı «dombranıń» súwretin «*do*» notasına biriktiredi, bunnan keyin júriw keyingi oyınshıǵa ótedi.





Júris waqtında oyınshı maydanǵa tek 1 kartanı qoyıwı múmkin, sonnan keyin háreket oyınnıń keyingi oyınshısına ótedi. Eger oyınshınıń qolında uyqas karta bolmasa, onda ol stoldaǵı toptan basqasın aladı. Eger ol uyqas kelmese, júriw keyingi oyınshıǵa ótedi. Eger olda tuwrı kelmese, onda gezek keyingi oyınshıǵa ótkerip jiberedi. Eger stoldaǵı topta karta tawsılǵan bolsa, onda oyınshı gezekti ótkerip jiberedi.

Barlıq kartaların stolǵa birinshi bolıp qoyǵan oyınshı jeńis qazanadı. Oyın aqırǵı oyınshı barlıq kartaların jaylastırmaǵansha dawam etedi.

Eger topta kartalar tawsılıp qalsa hám hesh bir oyınshı júre almasa, oyın tawsıladı hám eń kem kartaǵa iye bolǵan oyınshı jeńis qazanadı.

**Jıynalǵan domino oyını:**



**«Sıyqırlı tayaqsha» oyını.** *Oyınnıń shárti:* Bunda birinshi oqıwshı bir notanıń atın aytıp, keyingi oqıwshıǵa izine keyingi notanıń atın qosıw ushın sıyqırlı tayaqshanı beredi. Ol ekinshi notanıń atın tawıp, eki notanıń atın izbe-iz aytıp úshinshi oqıwshıǵa sıyqırlı tayaqshanı uzatadı hám t.b.

Bul oyında notalardıń atların notalardıń nota sızıǵında jaylasıw izbe izligi boyınsha aytıwı kerek. Oyınǵa eki yamasa úsh komanda qatnasadı. Eger sıyqırlı tayaqshanı alǵan oqıwshı juwap ayta almasa, onda bul komanda oyınnan shıǵıp ketedi. Oyındı qalǵan komandalar dawam ettiredi:

1. do
2. do, re
3. do, re, mi
4. do, re, mi, fa
5. do, re, mi, fa, sol
6. do, re, mi, fa, sol, lya
7. do, re, mi, fa, sol, lya, si [5:31].

Juwmaqlap aytqanda, muzıka sabaǵında oyın texnologiyaların qollanıw oqıwshılardıń sabaqqa qızıǵıwshılıǵın arttıradı. Olardı sabaqqa aktiv qatnasıwǵa, jaqsı nátiyjelerge erisiwge hám jámáát bolıp birgelikte islewge baǵdarlaydı.

**Ádebiyatlar**


1. Беспалько В.П. Слагаемые педагогической технологии. - М.: Педагогика, 1989.- С.73.
2. Nurmatov X., Norxo'jaev N., Amaniyazov G. Muzıka. 1-klass ushın sabaqlıq. –N.: «Bilim», 2014. 25-b.
3. Nurmatov X., Norxo'jaev N., Amaniyazov G. Muzıka. 2-klass ushın sabaqlıq. –N.: «Bilim», 2014. 16-b.
4. Штейнпресс Б., Ямпольский И. Музыка ҳәўескерининң қысқаша сөзлиги. -Нөкис. «Қарақалпақстан». 1983.
5. Axetova G. «Ilim hám tálim-tárbiyada aldıńǵı tájiriybeler: izertlew hám nátiyjeler» atamasında Respublikalıq ilimiy -teoriyalıq hám ámeliy konferenciya materialları toplamı. –Nókis: NMPI baspaxanası 2015. 31-b.



**REZYUME.** Bul maqalada muzıka sabaǵında qollanılatuǵın oyın texnologiyaları haqqında sóz etiledi. Notalar, nota jolı, скрипка гилти, notalardıń jaylasıwı haqqında túsinikler kórip shıǵılǵan. Oyın qaǵıydalarına toqtalǵan.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье говорится об использовании игровой технологии на уроках музыки. Рассмотрены понятия о нотах, нотном стане, расположение нот в нотном стане. Отмечены правила игры.

**SUMMARY.** This article talks about the use of gaming technology in music lessons. The concepts of notes, the stave, the location of notes in the stave are considered. The rules of the game are marked.


## МАКТАБГАЧА ТАЪЛИМ МУАССАЛАЛАРИ ТАРБИЯЛАНУВЧИЛАРИГА ЭЛЕМЕНТАР МАТЕМАТИК БИЛИМ БЕРИШ УСЛУБИЁТИ


**М.Х.Алламбергенова –** *педагогика фанлари номзоди, доцент*
**Ж.И.Жугинисова –** *ассистент ўқитувчи*
*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*



**Таянч сўзлар:** мактабгача ёшдаги болалар, элементар математика, шакллантириш, компетенция, дастур, интерактив, аналогия, машғулотлар, мантиқий топшириқлар, iSpring дастури, билим, кўникма, малакалар.

**Ключевые слова:** дошкольники, элементарная математика, формирование, компетенция, программа, интерактив, аналогия, уроки, логические задания, программа iSpring, знания, умения и навыки.

**Key words:** preschoolers, elementary mathematics, formation, competence, program, interactive, analogy, lessons, mixed tasks, iSpring program, knowledge, knowledge, skills.


«Илк қадам» мактабгача таълим муассасасининг давлат ўкув дастури Ўзбекистон Республикасининг илк ва мактабгача ёшидаги болаларни ривожланишига кўйиладиган Давлат талабларига мувофиқ ишлаб